9. Пирназаров А. Өтеш, Омар ҳәм фольклор. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1991.
10. Камалов Қ. Фольклор ҳәм жазба әдебият. –Нөкис: // «Әмиўдәрья», №4. 1978.
11. Нурмуҳаммедов М. Түркий тиллес әдебиятларда аўызеки ҳәм жазба традициялардың синтези (бирикпеси) ҳаққында. –Нөкис: //Әмиўдәрья. №7. 1981.
12. Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында фольлорлық дәстүрлер. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада таниқли қорақалпоқ шоири А.Ажиниёзов ижодида фольклор жанрларидан ва бадиий тасвирий воситалардан шаклий ва мазмуний жиҳатдан моҳирона фойдаланиб, бадиий образли сатрларни яратиши, шоир шеъриятидан олинган аниқ мисоллар ёрдамида таҳлил қилиниб, тегишли хулосалар чиқарилди.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается творчество известного каракалпакского поэта А.Аджиниязова, в котором он профессионально использовал жанры фольклора и изобразительного искусства при строении структуры и смысла стихов, а также были анализированы создание художественных линий в поэзии поэта на конкретных примерах и были сделаны выводы.

**SUMMARY**

The article examines the work of the famous Karakalpak poet A.Adzhiniyazov, in which he professionally used the genres of folklore and fine art in building the structure and meaning of poetry, and also we analyzed the creation of artistic lines in the poet’s poetry using specific examples and made conclusions.

## ТҮРКИЙ ХАЛЫҚЛАРДА МИЙЎЕЛИ АҒАШ ҲӘМ ХАЛЫҚ САЛТ-ДӘСТҮРЛЕРИ ҲАҚҚЫНДА

**Р.Сапарниязов –** *ассистент оқытыўшы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** даракт, урф-одат, мифология, тут дарахти, тоғ даракти, тумор.
**Ключевые слова:** дерево**,** обычай**,** мифология, тутовик, горное дерево, амулет.
**Key words:** tree, custom, mythology, mulberry, mountain tree, amulet.

Түркий халықлар фольклорына нәзер таслағанымызда өткен ата-бабаларымыз тәбияттың ҳәр бир затын қәдирли есаплаған, оларды турмыс пенен байланыстырып, оларға үлкен исеним менен қарағаны ҳаққындағы түсиниклер бизге шекем жетип келген. Сонлықтан, биз бул мақаламызда халқымыз арасында мийўели ағашларға исеним менен қарап, оларды халық салт-дәстүрлери менен байланыстырып, ҳәр түрли исеним ҳәм түсиниклердиң пайда болғанын түркий халықлар фольклоры, соның ишинде өзбек, қарақалпақ фольклорын салыстырмалы изертлеўди мақсет еттик.

Ерте дәўирлерде халқымыз арасында мийўели ағаштың өнимдарлық қәсийетке ийе екени магиялық көзқарасларға қарағанда оның менен байланыслы болған ҳаялға да көшеди деген түсиниклер тийкарында перзент тилеў мәресимлериниң ағаш культи менен байланыслы болжаўлар, исенимлер пайда болған. Өзбек этнограф алымы С.Мирҳосиловтың жазыўына қарағанда, Ташкент ўәлаятының Байтқўрғон аўылында ағашларды өнимдарлық символы деп көз алдына келтириў менен байланыслы бир магиялық салт-дәстүрдиң бар екени айтылады. Халықтың көзқарасларына қарағанда, узақ өмир көрген үлкен ағашлар бийперзент ҳаялларды перзентсизлик дәртинен қутқарыў, яғный перзент көриў қәсийетине ийе деп түсинилген. Соның ушын перзент көрмеген ҳаяллар «перзент жолым ашылсын» деген нийетте сондай ағашларды қушақлайды екен [1:28].

Усындай дереклерде келтирилгени сыяқлы, салт-дәстүр ертедеги анимистлик ойлаўларға байланыслы жағдайда келип шыққан болып, ағашты жанлы нәрсе деп түсинген ертедеги адамлар ағашқа тән өнимдарлық, узақ өмир көриў сыяқлы қәсийетлер оны қушақлаған ҳаялға да өтеди деп түсинилген.

Фольклоршы алым А.Мусақуловтың мағлыўматларына қарағанда, Түркистанның Ила деген жеринде «Бууаз терек» деп аталған зыярат етилетуғын жер болған. Бийперзент ҳаяллар усы жерге зыяратқа келип, бул жерде өсетуғын терекке үш мәрте тәжим етсе, бир неше мәртебе қушақласа еки қабат болады деп исенген ҳәм оны әмелде қолланған [2:75]. Арысланбаб территориясындағы Алмалы мазар, Терек мазар деген орынларда өсетуғын ағашлар перзент беретуғын қәсийетлерге ийе деген мифологиялық ойлаўлар қырғызлардың арасында да кең тарқалғанлығын С.М.Абрамзон тәрепинен белгилеп өтиледи [3:56].

Ағашлардың магиялық қәсийети арқалы еки қабат болыў, яғный ағаштан перзентли болыў дүнья мифологиясының универсал сюжетлеринен бири есапланады. Бирқанша түркий халықлардың этномәдений арсеналында муқаддес есапланған ағашларды қушақлаў арқалы өсимликке тән өнимдарлық қәсийетиниң ҳаялға көшиўине тийкарланған ритуаллар (дәстүрлер) бар. Айрықша, якутларда бийперзент ҳаял тоғайға барады ҳәм тоғайлықтағы бәлент өскен ағашларға мүрәжат етип, өзине перзент тилейди. Қырғызларда болса перзенти болмаған ямаса перзент көрсе де, кишкене ўақтында шетнеген жағдайда ҳаяллар алма ағашының түбинде отырып, перзент тилейди. Кейин қурбанлыққа сойылатуғын жәниўардың терисин алманың шақасына асып қояды.

Қарашай халық аңызларының биреўинде келтирилиўине қарағанда, ертедеги заманларда үлкен урыс болып, көп адамлар қайтыс болған. Сонда ерkeклер менен тең дәрежеде душпанға қарсы урысқа атланған ҳаяллар өзлериниң перзентлерин өлимнен аман сақлаў мақсетинде ағашлардың түбинде қалдырып кеткен. Арадан бир қанша ўақыт өткеннен кейин, урыстан қайтқан адамлар келип қараса, тек ғана ақ қайыңның астында қалдырылған балалар тири екен. Себеби, ақ қайың өзиниң ширеси менен баланы бағып, өлимнен сақлап қалған екен. Олар ақ қайыңды ҳүрметли ағаш есаплайды, соның ушын да бийперзент қарашай ҳаяллары таўда өсетуғын жалғыз ақ қайыңның қасына барып өзлерине перзент тилейди [4:112].

Ақ қайыңнан перзент тилеп, улыўма перзент қәлейтуғын ҳаяллардың ағашларды айналыўы, ағашты қушақлаў дәстүрлериниң тийкарында ағаштың өнимлилик идеясы ҳәм турмыс қүдирети менен байланыслылығы, мийўели ағашларға тән өнимдарлық қәсийетиниң ҳаялға көшиўине болған исенимлер, муқаддес ағашларда жасайтуғын қудайларға сыйыныў, сондай-ақ, адамның ағаштан пайда болғанлығы (яғный «ана-ағаш»тан туўылғанлығы) ҳаққындағы мифологиялық ойлаўлардың бар екени сезиледи. Себеби, дүнья халықларының мифологиясында барлық жанлыжәниўарларды, усы орында, тоғайдағы үлкен ағашлардың да жаратыўшысы есапланған «Ана-ағаш» образы бар. Айрықша, нганасан халқының аңызларында «анаағаш»тың аты «Хуа-намы» деп тилге алынған [5:163].

Улыўма алғанда, ағаш пенен байланыслы тотемистлик ойлаўлар дүнья халықларының мифологиясының улыўмалық элементлеринен бири болып, оның излери исенимлер көринисиндеги айырым тәреплери өзбек, қарақалпақ, түркмен ҳәм т.б. фольклорындағы эпикалық қаҳраманның мийўе (алма, анар, арпа, мәкке, жүўери қабығы сыяқлы) арқалы ғайры тәбийий түрде туўылыўы, ағаштың түбинде туўылыў, баланы ағаштың (шынардың) үстиндеги қустың уясында қалдырып кетиў, адамның өсимликке айналыўы нәтийжесинде ол яки ағаштың пайда болыўы сыяқлы дәстүрий мотивлердиң жүзеге келиўине тийкар болған.

Түркий халықлар фольклорында муқаддес деп түсинилген ҳәр түрли жәниўарлар, зат-қубылыслар, өсимликлер сыяқлы, айырым ағашларға да сыйыныў дәстүри де үлкен әҳмийетке ийе. Өсимликлер менен байланыслы ертедеги мифологиялық көзқараслар ҳәм халық исенимлери, әсиресе ағаш культында көзге тасланатуғынын көремиз.

Белгили алым Ж.Ж.Фрэзердиң пикирине қарағанда, тәбийий тоғайлардың ертедеги адамлар тәрепинен руўҳлар, тәңрилер, иләҳий ҳәм қудайлар менен байланыслы муқаддес орын ретинде түсинилиўи ағаш культы ҳаққындағы көзқарасларды келтирип шығарған [6:110]. Ертедеги ата-бабаларымыз ағашларды да адамлар сыяқлы жанлы деп ойлағаны ушын ағашлар да ҳаял ҳәм еркек деп бөлинеди деген пикирде болған. Мине, усы анимистлик көзқараслар тийкарында айырым орынларда муқаддес ағашлардың «неке тойы»н өткериў дәстүри де келип шыққан. Анимистлик мифологияның түсинилиўине қарағанда, ағаштың денеси жан (руўҳ) ушын мәкан ўазыйпасын атқарған, бирақ руўҳ ағашты тәрк етиўи ҳәм басқа нәрсе (жәниўар, адам, өсимлик)ке көшип өтиўи, ҳәттеки адам түринде де белгили болған болыўы мүмкин. Усыған қарап, этнограф алым Э.Тайлор ағаш мифологиясында баслы еки аспект бар екенин айрықша белгилейди, олар төмендегилер: а) ҳәр бир өсимлик, ең биринши ағаштың жанлы деп түсинилиўи ағашларға сыйыныў дәстүрин келтирип шығарған; б) ағаштың денеси өлген адамның руўхы ушын материаллық қабық ўазыйпасын атқарыўы мүмкин [7:186].

Сонлықтан, адамзат ҳәм ҳайўанат әлеминиң анимистлик мифологиясы ҳаққындағы тәлийматтың тәрепдарлары, ағаш культының тарийхый тийкарларын өсимликлер, усы орында, ағашлардың да жанлы деп түсинилиўи ҳаққындағы мифологиялық көзқарасларға байланыстырады. Олардың пикирлерине қарағанда, тәбийий объектлердиң аниматик мазмуны ағашлар тек ғана өсип турған ўақтында емес, ал кесилгеннен кейин де өзиниң иләҳийлик, ғайры тәбийий қәсийетлерин сақлап қалады деген ойлардың жүзеге келиўине тийкар болған. Бул ойлаўлар ағаш, шақалары, мийўеси ҳәм басқа бөleклеринен тумарларды таярлаўда пайдаланыў, отын ушын кесилген ағашты бир неше күнге шекем бөлеклерге ажыратпастан сақлап турыў, ағаштан ҳәр түрли затларды соғыў менен байланыслы ырымлар да өз сәўлесин тапқан.

Ағашты жүдә күшли турмыс потенциалын өзинде жәмлеген жанлы нәрсе деп түсиниў ҳәм ғайры тәбийий қәсийетке ийе болған объект ретинде муқаддес есаплаў дәстүри оның культ дәрежесинде түсинилиўине алып келген. И.М.Маковскийдиң пикирлерине қарағанда, ағаш культының мазмуны оның:

1) оның семантикалық қурсаўы «өзге-басқа әлем», «о дүнья» семаларын өз ишине алыўы;

2) «әлем оғы», «турмыс дарағы», «әлем орайы» ретинде түсинилиўи;

3) космослық тутаслықты өзара байлап турыўы ҳәм аспан тәртип-интизамының тең салмақлылығын сақлайтуғын қурал хызметин атқарыўы;

4) өзинде «ғайры тәбийий», «сыйқырлы», «әжайып» сыпатларды билдириўи менен белгиленеди [8:134-141].

Белгили алым М.Элиаде ағаш культының келип шығыўына төмендеги факторлар тийкар болған деп есаплайды:

1) «тас-ағаш-муқаддес орын» түсиниклери комплексиниң реал микрокосмос ретинде түсинилгени;

2) ағаш – космос образы ретинде пикир етилиўи;

3) ағаш – турмыслық күш-қуўат белгиси ретинде өнимдарлық, ҳасылдарлық ҳәм қут-берекетти өзинде жәмлегени (ағаштың өнимдарлық, хасылдарлық ҳәм перзент символы) муқаддес Ана образы ҳәм суў культы менен байланыслылығы;

4) ағаштың мәңгилик турмыс, аман қалыў дереги деп түсинилиўи;

5) ағаш – «әлемниң оғы» яки космослық пүтинлик теңсалмақлығын сақлайтуғын қурал екени;

6) ағашлар менен адамлардың арасында магиялық байланыстың бар екенлиги (ағашларды ата-бабалар руўхының мәканы деп ойлаў; ағашлардың сынаўинициация байрамлары ҳәм ритуалларындағы (дәстүрлериндеги) символикалық әҳмийетке ийе екени);

7) ағаш – тәбияттың символлық өлип-тирилиўи, бәҳәр ҳәм жылдың жаңаланыўы символы деп баҳаланыўы [9:234-235].

Дүньяның басқа халықлар мифологиясында болғаны сыяқлы, түркий халықлардың ертедеги ата-бабалары да тәбияттағы барлық нәрселер, усы орында, өсимликлер, жәниўарлар, таўды, тасларды жанлы деп түсингенликтен, ҳәр түрли ағашлардың да адамлар сыяқлы жаны болады деп түсинген. Сонлықтан, бүгинги күнге шекем халқымыз арасында узақ жасаған тут, шынар, ғоза, гүжим ағашы сыяқлы ағашларды кесиў мүмкин емес деп түсинилиўи, айырым кесиўге туўра келген ўақытта сол ағаштың түбине бир жанлық (қой, ешки, қораз сыяқлы) сойып, қан шығарыў дәстүрине әмел етилиўи, бундай ағашларды кескен адам жарақатланады деген түсиниклер дәстүри сақланып қалғанын көремиз.

Улыўма алғанда, түркий халықларда ағаш ҳәм оның адам өмириндеги әҳмийети ҳаққындағы түсиниклер ерте дәўирлерден саға алып, бизиң бул күнимизде елеге шекем сақланып дәстүрге айналғанын байқаймыз.

Мәселен, ҳәзирги ўақытта өзбек, қарақалпақ, түркмен ҳәм т.б. халықларда таўдан ағаштан ҳәр түрли тумарлар жасап, оны балаларға тағып қойыў дәстүри бар. Ол не ушын дегенде бул таўдан ағаштан жасалған тумар баланы адамлардың көзге түсиўиниң алдын алады және табыс әкеледи деп түсиниледи. Таўдан ағашының кишкене бөлеклерин үйдиң есигиниң алдында тағып қойсаң, ол үйге берекет алып келеди деп түсинилген. Сонлықтан, ағаш халқымыз ушын муқаддес есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Мирхасилов С. К изучению реликтов доисламских верований у узбеков в дореволюционном прошлом // Этнографическое изучение быта и культуры узбеков. –Ташкент: «Фан», 1972. - С.28.

2. Мусақулов А. Ўзбек халқ лирикаси. -Тошкент: «Фан», 1995. 75-б.

3. Абрамзон С.М. Предметы культа казахов, киргизов и каракалпаков Материальная культура и хозяйство народов Кавказа, Средней Азии и Казахстана. – Л.: «Наука», 1978. -С.56.

4. Маремшаова И.И. Эволюция этнического сознания карачаево-балкарского народа: Дисс. докт. истор. наук. –Махачкала: 2002. -С.112.

5. Грачева Г.Н. Культовый комплект нганасан // Материальная культура и мифология. – Л.: «Наука», 1981. - С.163.

6. Фрезер Д. Золотая ветвь. – М.: Политиздат, 1986. - С.110.

7.Тайлор Э. Миф и обряд в первобытной культуре. – Смоленск: «Русич», 2000. – С.186.

8. Маковский М.М. Сравнительный словарь мифологической символики в индоевропейских языках. Образ мира и миры образов. – М.: «Владос», 1996. – С.134-141

9. Элиаде М. Трактат по истории религии. Т.2. Спб.: «Алетейя», 1999. – С.234-235.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада мевали дарахтлар ва уларнинг инсон ҳаётидаги аҳамияти дарахтларнинг муқаддас саналиши, дарахт тушунчасининг халқ урф-одатлари билан боғлиқ жихатлари туркий халқлар фольклоридаги маълумотлар асосида қиёсий тарзда ўрганилди.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье изучается фруктовое дерево и его значение в жизни человека, святость дерева, определение сравнительного изучения понятия дерева с обычиями связанные с фолклорами тюрских народов.

**SUMMARY**

This article studies the fruit tree and the meaning of the tree in human’s life, holiness of tree, determination of comparative studying about the concept of tree with the customs related to the folklore of Turkic people.